

Kisa *Link ARIS* pou Paran *ARIS Parent Link (APL)* ye www.arisparentlink.org?

Link ARIS pou paran *ARIS Parent Link (APL)* se yon resous entènèt ki bay enfòmasyon akademik osijè pitit ou ak lekòl pitit ou. Li ba w menm enfòmasyon ke edikatè yo genyen osijè pitit ou. APL gwoupe enfòmasyon ki disponib atravè vil la yon sèl kote. APL ede w kolabore avèk pwofesè pitit ou pou ede pitit ou reyisi.

Kisa mwen bezwen pou antre nan sistèm APL la?

- Yon konpitè ki gen koneksyon Entènèt, ki disponib nan bibliyotèk piblik
- Yon adrès imèl
- Nimewo idantite elèv ki pitit ou a, ke lekòl pitit ou a ap voye ba w nan yon lèt kote y ap swete w "Byenvni nan *Link ARIS* pou paran ", epi li disponib tou nan kanè pitit ou a.
- Yon modpas *password* pou w itilize pou yon ti bout tan, ke lekòl pitit ou a ap voye ba w nan yon dezèm lèt.

Kouman mwen ka jwenn èd w pou itilize APL?

Si w gen kesyon osijè APL, tanpri kontakte Koòdonatè Paran an nan lekòl pitit ou a. Koòdonatè paran yo ka reponn kesyon tankou:

- Kouman mwen ka gen aksè nan yon konpitè ak yon adrès imèl?
- Kouman mwen ka gen yon non itilizatè ak yon *password*?
- Kiyès pou mwen kontakte pou m jwenn plis enfòmasyon sou sa m ap gade yo?
- Ki kote mwen ka ale pou m jwenn sipò pou ede pitit mwen gen bon rezilta?
- Kisa pou mwen fè si mwen kwè enfòmasyon osijè pitit mwen pa kòrèk nan APL?

Èske li nòmal pou pitit mwen gen aksè nan enfòmasyon osijè yo nan APL?

Pandan timoun yo ap grandi, li ka ankourajan anpil pou yo gade enfòmasyon ki konsène yo. Yonn nan objektif APL se ranfòse aspirasyon elèv yo genyen nan edikasyon . Ou dwe chita avèk pitit ou, epi gade enfòmasyon sa yo ansanm dèke w panse l ap konprann yo epi li kapab itilize yo yon fason pozitif.

Mwen gen plis pase yon elèv nan sistèm lekòl leta nan Vil Nouyòk. Kouman mwen ka gen aksè nan enfòmasyon sou chak timoun?

Yo kreye yon sèl kont pou chak timoun nan sistèm lekòl leta nan Vil Nouyòk W ap resevwa enfòmasyon separe sou fason pou w antre nan sistèm lan nan lekòl chak timoun. Pou garanti sekirite enfòmasyon sou pitit ou yo, fanmiy yo bezwen antre nan sistèm lan pou chak timoun anpatikilye pou gade enfòmasyon pou chak.

Èske ka gen divès kont APL pou yon sèl elèv?

Pou rezon sekirite, yo kreye yon sèl kont pou chak elèv. Lekòl pitit ou a ap voye enfòmasyon pou antre nan sistèm APL la ba paran/responsab ki nan dosye lekòl la.

Èske APL disponib pandan ete a?

Wi, APL disponib 24 èdtan chak jou, 7 jou sou 7. Sit la pa p fonksyone kèk fwa pou yo ka fè reparasyon yo planifye alavans.

Èske enfòmasyon sou pitit mwen an sekirite nan APL?

Wi, enfòmasyon sou pitit ou an sekirite. Gen 128-bit SSL *Secure Socket Layer* (SSL) encryption pou pwoteje done nan APL. Se menm nivo sekirite a ke bank itilize pou garanti sekirite enfòmasyon finansye.

Kouman yo pwoteje dwa sou vi prive pitit mwen an?

Lwa sou Dwa fanmi pou edikasyon ak sou vi prive *Family Educational Rights and Privacy Act* (FERPA) pwoteje enfòmasyon konsènan pitit mwen nan tout sistèm lekòl leta nan Vil Nouyòk, ak nan APL. Pou w jwenn plis enfòmasyon osijè FERPA, al sou sit <http://www.ed.gov/polivy/gen/guid/fpco/ferpa/parents.html>.

Èske mwen ka gen aksè nan enfòmasyon sou pitit mwen an nan APAL nan yon lang ki pa angle?

Wi, tout sit la tradui ann arab, bengali, chinwa, kreyòl ayisyen, koreyen, ris, panyòl ak oudou. Ou ka chwazi lang apwopriye ki anlè kote ou antre nan sistèm APL la nan paj www.arisparentlink.org. Depi w jwenn paj pou ouvri sesyon an nan lang ou vle a, antre nan sistèm lan. Lang ou chwazi a parèt atravè APL eksepte done nan rapò aktyèl pou pitit ou a.

Èske mwen ka gade APL nan plis pase yon lang anmenm tan?

Ou ka gade APL sèlman nan yon sèl lang lè w nan sistèm lan. Lang ki parèt la dèke w antre nan sistèm APL la se lang sa a w ap wè nan tout sit la. Pou w gade enfòmasyon sou sit la nan yon lòt lang, ou dwe sòti nan sistèm lan anvan, answit chwazi lòt lang apwopriye a nan pati anlè paj pou antre nan sistèm APL la.